# ҚАРАЎСЫЗ ҚАЛҒАН ХАЙЎАНЛАРДАН АБАЙЛЫ БОЛАЙЫҚ !

**Ф.Сабырбаев**

Шоманай районы АЖБ баслығы орынбасары майор.

***https://doi.org/10.5281/zenodo.15120973***

***Анотация.*** *Бул мақалада қараўсыз қалған хайўанлардан абайлы болыу, айрықша жағдайлар ҳаққында сөз етилген.*

***Гилт сөзлер:*** *тәбияттағы барлық қубылыслар, қараўсыз қалған хайўанлардан, дене жарақатлары.*

Бахар мәўсими кирип келиўи менен тәбияттағы барлық қубылыслар оянып әтираптағы реңлер өзгерип жасыл туске енеди.

Бул мәўсимнин кирип келиўи менен хайўанларда кутырыў кеселлигиниң қозыўы белгилери көриниўи мумкин.

Сол себепли районлық Айрықша жағдайлар бөлими, район Ҳакимлиги, ветеринария хәмде тийисли тараў хызметкерлери менен биргеликте район аймағында жасаўшы пукаралардың турақ жайларындағы сақлап атырған уй хайўанлары тексерилип барылып, тексериўлер даўамында пукараларға хайўанлар арасында ушрасыўы мумкин болған кеселликлер хаққында кең турде тусиник берилип қәнийгелер қатнасында оқыў тактик шынығыўлары өткерилмекте.

Соның менен бир қатарда район аймағындағы қараўсыз қалдырылған хайўанлар абаданластырыў бөлими хызметкерлери қатнасында аўланып қадағалаўға алынбақта.

Хәзирги кунде пуқаралар арасында ийттиң тислеп алыўы жағдайлары ушырасып буның ақыбетинде сол пуқараның аўыр дене жарақатларын алып денелеринде шандық излери қалып кетиўине алып келмекте.

Усы жоқарыдағы кеўилсиз халатларды болдырмаў хәр кимниң өз қолында, егерде уйиңиздеги яки дөгерек әтираптағы қараўсыз қалдырылған ийтлерде өгерис сезсеңиз дархал тийисле шөлкемлерге хабар берип бул хаққында тез шара көриўиңизди өтиниш қылып қалған болар едик.



